



**FILSAFAT (DAE 568)**  
**BAHAN AJAR**

ku

Dr. Hj. Nunuy Nurjanah, M.Pd.

NIP 131932641

JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS PENDIDIKAN BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS PENDIDIKAN INDONESIA  
BANDUNG  
2006

## I. BUBUKA

*Urang teh saha?*

*Saha ari urang? Ayeuna keur di mana?*

*Keur naon urang? Datang ti mana? Naon sababna urang datang?*

*Tur rek ka mana urang?*

Sawatara pertanyaan tadi lamun ditilik tina ungkara anu dipakena mangrupa pertanyaan anu basajan pisan. Tapi, lamun dilenyepan bisa jadi pijawabeunana teh kawilang hese.

Saban manusa boga ngaran, Ngaran ieu gunana pikeun ngidentifikasi diri. Ngaran ieu can bisa dipake pikeun ngajawab pertanyaan nu kahiji. Naon sababna? Sabab pertanyaan tadi merlukeun jawaban tina hasil mikir anu jero. Mikir anu kitu teh salahsahiji mikir filsafat.

Filsafat boga sajarah nu panjang. Filsafat mangrupa ilmu pangkolotna tina sakabeh ilmu. Pikeun sawatara jalma, filsafat dianggap hiji ilmu anu euweuh gunana, tanpa metode, teu maju-maju, jeung salilana nimbulkeun salah paham. Hal ieu luyu jeung pamanggih Kier Kegaard yen "hidup manusia baru dimengerti dari belakang, tetapi harus dijalani dari depan".

Naon atuh ari filsafat? Keur naon atuh diajar filsafat? Naon objek filsafat? Naon anu dimaksud filsafat ilmu? Naon anu dimaksud filsafat pendidikan? Naon anu dimaksud filsafat Islam?

Tangtu wae ieu pedaran teh hayang ngajawab kabeh pertanyaan. Tapi dina ieu pedaran rek diwatesanan bae kana tilu hal, nyaeta (1) Filsafat Ilmu, (2) Filsafat Pendidikan, jeung (3) Filsafat Islam. Tapi samemehna dipedar wangenan filsafat jeung cabang-cabangna.

## A. Wangenan Filsafat

Sacara etimologis, kecap filsafat asalna tina basa Yunani “philos sophia”. “Philos” hartina “cinta” sedengkeun “sophia” hartina “kabijaksanaan, pengetahuan, keterampilan, pangalaman, intelegensia”. Jadi, filsafat teh bisa dihartikeun “cinta kana hikmah” atawa “cinta kana pengetahuan”.

Ditilik sacara praktis, filsafat ngandung harti “alam pikiran” atawa “alam berpikir”. “Berfilsafat” ngandung harti “mikir”. Ngan teu sagala kagiatan mikir kaasup kana filsafat. Aya anggapan yen unggal manusa teh filosof. Hal ieu disababkeun yen unggal manusa bisa mikir.

Aya sawatara harti filsafat anu diebrehkeun ku para ahli.

1. Plato (427 SM—347SM), salah saurang filsuf Yunani anu kasohor, muridna Socrates; guruna Aristoteles. Plato ngahartikeun filsafat nya eta pangaweruh ngeunaan sagala anu aya (ilmu pangaweruh anu neangan ajen bebeneran anu hakiki). Sagala anu aya ngandung harti sagala anu ketempo, karasa ku sagala pancaindera urang, jeung sagala anu kalakonon.
2. Aristoteles(384SM—322SM). Nurutkeun Aristoteles, filsafat teh nya eta ilmu pangaweruh nu ngawengku bebeneran; ilmu nu nalungtik sabab jeung asas sagala benda). Filsafat ngawengku ilmu-ilmu metafisika, logika, etika, ekonomi, politik, jeung estetika.
3. Marcus Tullius Cicero (106SM—43SM), politikus jeung ahli pidato Romawi ngarumuskeun harti filsafat nya eta pangaweruh ngaeunaan hiji hal anu mahaagung jeung usaha-usaha pikeun ngahontalna.
4. Harold Titus netelakeun opat wangenan filsafat.
  - a. *‘Philosophy is an attitude toward life and teh universe’*. Filsafat nya eta ngeunaan kahirupan jeung alam dunya.
  - b. *‘Philosophy is a method of refrektive thinking and reasoned inquiry’*. Filsafat nya eta hiji metode mikir reflektif jeung panalungtikan anu ngabogaan alesan.

- c. *'Philosophy is a group of problems'*. Filsafat nya eta sakumpulan masalah.
  - d. *Philosophy is group of system of thought'*. Filsafat nya eta hiji teori atawa sistem pikiran.
5. Al-Farabi (870—950M), salah saurang filsuf Muslim samemeh Ibnu Sina netelakeun filsafat nya eta ilmu pangaweruh ngeunaan alam jeung ngabogaan tujuan pikeun nalungtik hakekat anu sabenerna.
  6. Immanuel Kant (1724—1804), sok disebut raksasa ahli mikir Barat, netelakeun filsafat mangrupa ilmu poko jeung cikal bakal sakabeh ilmu pangaweruh.
  7. Fuad Hasan, Guru Besar Psikologi UI, netelakeun yen filsafat nya eta cara mikir anu radikal. Radikal dina harti diteangan nepi ka akar-akarna anu ahirna ngahasilkeun kacindekan anu jembar.
  8. Hasbullah Bakry ngarumuskeun yen filsafat nya eta ilmu anu nalungtik hiji hal nepi ka jero-jerona, saperti ngeunaan katuhanan, alam dunya, jeung manusa, nepi ka ngahasilkeun pangaweruh ngeunaan kumaha hakekatna hal-hal anu bisa kahontal ku manusa jeung kumaha sikep manusa sanggeus ngahontal eta pangaweruh.
  9. D.C. Mulder ngebrehkeun yen filsafat nya eta hiji cara mikir teoretis ngeunaan susunan kanyataan tina sakabehna.
  10. Descartes (1590—1650) ngarumuskeun yen filsafat nya eta kumpulan sagala pangaweruh (katuhanan, alam, jeung manusa) anu jadi poko panalungtikan.
  11. Imam Syafi'i ngebrehkeun yen kagiatan filsafat dina al-Qur'an nya eta sakumna kagiatan mikir ngeunaan eusining alam jeung ngeunaan kakawasaan Allah SWT; aworna antara mikir jeung dikir. Mikir mangrupa kagiatan rasio, sedengkeun dikir mangrupa kagiatan hate. Duanana teu bisa dipisahkeun.

## B. Cabang-cabang Ilmu Filsafat

Widang filsafat gumantung pisan, boh kana proses perkembangan sejarah boh kana prinsip papasingan anu diasongkeun ku para filsuf. **Faktor-faktor** ieu oge mangaruhan kana wates-wates antara filsafat jeung disiplin ilmu sejen.

Nurutkeun Plato, filsafat dibagi kana tilu cabang, nya eta (1) Dialektika, (2) Fisika, jeung (3) Etika. Dialektika nya eta cabang filsafat anu madudengkeun pasualan ide-ide atawa ngeunan umum filsafat. Fisika nya eta cabang filsafat anu madudengkeun dunya materi. Etika nya eta cabang filsafat anu di jerona madudengkeun pasualan hade gorengna kalakuan.

Aristoteles ngabagi filsafat kana opat cabang, (1) Logika, (2) Filsafat Teoretis, anu ngawengku Ilmu Fisika, Ilmu Matematika, jeung Ilmu Metafisika, (3) Filsafat Praktis, anu ngawengku Ilmu Etika, Ilmu Ekonomi, jeung Ilmu Politik, sarta (4) Filsafat Poetika.

Pikeun Christian Wolff, widang-widang filsafat nya eta logika, filsafat munggaran, ontologi, teologi, kosmologi, psikologi rasional, etika, jeung teori pengetahuan. Ieu disiplin dikelompokkeun kana tilu bagian: teoretis, praktis, jeung kriteriologis.

Hammersma ngabagi filsafat kana opat cabang. Wincikanana saperti kieu.

### 1. *Filsafat ngeunaan pengetahuan*, anu dibagi deui jadi

Epistemologi

Logika

Kritik Ilmu-ilmu

### 2. *Filsafat ngeunaan kanyataan (Realita)*

Metafisika Umum (Ontologi)

Metafisika Husus

Teologi Metafisik

Antropologi

Kosmologi

### 3. *Filsafat ngeunaan Tindakan*

Etika

Estetika

### 4. *Sejarah Filsafat*

Filsafat Arab

Filsafat Cina

Filsafat India

Filsafat Jepang

Filsafat Jerman Klasik

## **Pedaran singkat cabang-cabang filsafat**

### **1. Epistemologi**

Epistemologi asalna tina basa Yunani “episteme” anu hartina “pengetahuan atawa ilmu pengetahuan” jeung “logos” anu hartina “ilmu”. Jadi, epistemologi bisa dihartikeun pengetahuan ngeunaan pengetahuan atawa teori pengetahuan; atawa teori ngeunaan pengetahuan; atawa teori ngeunaan (1) asal-usul, (2) anggapan dasar, (3) tabiat, (4) patalina, jeung (5) bebeneran, /kaabsahan—pengetahuan. Tegesna, epistemology mangrupa ilmu nu nalungtik tur masualkeun pertanyaan-pertanyaan kayaning ti mana asalna pengetahuan, naon ari ilmu pengetahuan, kumaha ngrumuskeun jeung nepikeun ilmu pengetahuan, jsté.

### **2. Logika**

Asal kecapna “logikos” anu hartina “aya hubunganana jeung pengetahuan” atawa “aya hubunganana jeung basa”. Logika mangrupa teori ngeunaan sarat-sarat penalaran anu sah atawa mangrupa ilmu ngeunaan aturan-aturan

penalaran anu bener sarta wangun jeung pola pikiran anu asup akal (logis).

### 3. Kritik Ilmu-ilmu

Kritik ilmu-ilmu mangrupa cabang filsafat anu nalungtik papasingan ilmu-ilmu, ngeunaan dasar pastina, jeung rupa-rupa katerangan anu diebrehkeun . Di zaman Yunani Kuno, ilmu dibagi opat, (1) logika, (2) ilmu pasti, (3) ilmu pesawat, jeung (4) ilmu kedokteran. Tuluy, ilmu dibagi tilu kelompok, (1) ilmu-ilmu formal (matematika jeung logika), (2) ilmu-ilmu empiris-formal (ilmu alam, ilmu hayat/biologi), jeung (3) ilmu-ilmu hermeneutis (saperti sajarah, ekonomi).

### 4. Metafisika Umum

Metafisika umum atawa ontology mangrupa cabang ilmu filsafat anu nalungtik sagala nu nyata sakaligus. Ontologi asal kecapna tina basa Yunani “on”, “ontos” (aya, kaayaan) jeung “logos” (studi, ilmu ngeunaan). Sawatara wangenan ontologi.

- 1) Studi ngeunaan ciri-ciri esensial ti nu aya dina dirina sorangan.
- 2) Cabang filsafat anu nalungtik tata jeung struktur realitas dina harti anu leuwih lega.
- 3) Cabang filsafat anu nyobaan ngebrehkeun hakekat aya sacara absolut; nuduhkeun yen sagala gumantung kana eksistensina; jeung matalikeun pikiran & tindakan manusa anu sipatna individual tur hirup dina sajarah realitas anu tangtu.
- 4) Cabang filsafat anu ngebrehkeun pertanyaan saperti, ‘naon ari hakekat aya’ jeung nganalisis rupa-rupa harti anu bisa nembongkeun yen eta teh bisa disebut aya.
- 5) Cabang filsafat anu nalungtik status realitas hiji hal, warna realitas hiji hal, jeung nalungtik realitas anu nangtukeun realitas/objek gumantung kana kana pikiran/sumber eksternal anu independen.

## 5. Teologi Metafisik

Metafisik husus ngawengku (1) teologi metafisik, (2) antropologi, jeung (3) kosmologi. Dina teologi metafisik ditalungtik ngeunaan ayana Allah, lesot tina agama jeung wahyu. Teologi metafisik tradisional bisa ngawengku dua bagian. Bagian kahiji, nyaritakeun bukti-bukti anu nuduhkeun ayana Allah jeung bagean kadua nyaritakeun ngaran-ngaran Allah atawa Asmaul Husna.

Kiwari teologi metafisik loba nyaritakeun kana basa ngeunaan ayana Allah, basa religius, basa kitab suci, jeung basa do'a.

## 6. Antropologi

Antropologi asalna tina basa Yunani 'anthropos' anu hartina 'manusa'. Antropologi bisa dihartikeun cabang filsafat anu nyaritakeun perkara manusa atawa pengetahuan filosofis ngeunaan manusa. Antropologi mangrupa ilmu anu ngupayakeun jawaban tina prtnyaan naon ari manusa; ilmu anu ngupayakeun ayana usaha sintesis antara pandangan ilmiah jeung aksiologis objektif ngeunaan manusa jeung dunya.

## 7. Kosmologi

Asalna tina basa Yunani 'kosmos' (dunya, alam semesta) jeung 'logos' (ilmu). Aya sababaraha wangenan kosmologi.

- 1) Ilmu ngeunaan alam semesta anu mangrupa hiji sistem anu rasional tur sistematis.
- 2) Cabang ilmu pengetahuan widang astronomi anu ngusahakeun nyieun hipotesis ngeunaan asal, struktur, cirri has, jeung mekarna alam fisik dumasar kana hasil observasi jeung metodologi ilmiah.
- 3) Ilmu anu nganggap yen alam semesta teh bagian tina hiji beungkeutan anu integral dumasar kana hasil paniten astronom.
- 4) Sacara tradisional, kosmologi dianggap cabang metafisika anu nalungtik jawaban tina pertanyaan-pertanyaan ngeunaan asal-usul



jeung susunan alam, vitalisme jeung mekanisme, kodrat hukum, waktu, ruang, jeung kausalitas.

## 8. Etika

Kecap etika asalna tina basa Yunani 'ethos' nu hartina 'adat, kabiasaan'. Etika disebut oge filsafat moral. Aya sababaraha wangenan etika.

- 1) Ilmu ngeunaan naon nu disebut hade goring jeung ngeunaan hak katut kawajiban moral.
- 2) Kumpulan tina asas atawa ajen anu aya patalina jeung ahlak.
- 3) Ajen-inajen ngeunaan bener jeung salah anu dianut ku hiji golongan atawa masarakat.

## 9. Estetika

Kecap estetika asalna tina basa Yunani 'aistehsis' anu hartina 'sensasi, elementer, primer'. Estetika bisa dihartikeun ilmu anu nalungtik perkara kaendahan jeung konsep-konsep anu aya patalina jeung emosi manusa; rasa endah, saperti hade, agung, jst. Estetika mangrupa ilmu anu nganalisis ajen-inajen, cita rasa, sikep, jeung standar anu kalibet dina pangalaman emosi manusa.

## 10. Sajarah Filsafat

Dina sajarah filsafat dicaritakeun hasil panalungtikan sakumna cabang filsafat; nyaritakeun tema-tema anu dianggap penting dina periode-periode anu tangtu, paham-paham anu dianut ku manusa dina hiji zaman, jst. Sajarah filsafat dumasar kana asal nu mawana bisaana dibedakeun jadi , (1) filsafat Arab, (2) filsafat Cina, jeung (3) filsafat India, (4) Filsafat Jepang, jeung (5) filsafat Jerman Klasik.

### 1) Filsafat Arab

Filsafat Arab nya eta kumpulan ajaran filsafat anu mekar dina abad pertengahan ku para ilmuwan Timur Tengah anu

ngagem Agama Islam sarta narulis make basa Arab. Dina abad ka-9 urang Arab fasih pisan kana ilmu alam, oge kana filsafat alam Yunani Kuno jeung Roma Kuno. Maranehna resepeun kana filsafat Aristoteles jeung kana pangaruh abadi filsafat Aristoteles dina masalah-masalah alam jeung logika.

Aristotelianisme anu dipangaruhan ku Neoplatonisme ngawangun basis teori-teori anu mekar luyu jeung aliran anu kasohor dina filsafat Arab abad pertengahan nya eta *Peripatetisme* Timur Tengah. Aya nu nyebutkeunyen aliran ieu teh dibawa ku Al-Kindi, filsuf anu mimiti ngawanohkeun tur ngagunakeun konsepsi poko Aristotelianisme. Satuluyna, Peripatetisme Timur Tengah dipatalikeun jeung Al-Farabi (870—950) katut Ibn Sina. Duanana henteu saperti Al-Kindi, medar kaabadian dunyawi.

Al-Ghazali (1059—1111) mangrupa wakil rerligius-idealis. Anjeunna ngritik unsur naturalis jeung rasional dina filsafat kaum Peripatetik Timur ku cara ngayakeun sintetis kana konsepsi kaum Mutakallim jeung kaum sufi.

Filsafat Arab terus mekar di Andalusia jeung Afrika Utara. Di dieu aliran Peripatetik Timur Tengah diwakilan ku Ibn Tufail (1105—1185) jeung Ibn Rushd (Averroes). Karya Ibn Rushd mangrupa puncak filsafat Arab Pertengahan. Ibn Rushd lain ngamurnikeun Aristoteles tina pangaruh Neoplatonisme, tapi nyiptakeun hiji sistem anu independent tur condong ka panteisme naturalis.

Ibn Rushd nguatkeun kaunggulan rasio tina iman jeung nolak teologi kalibet dina masalah filosofis.

## 2) Filsafat Cina

Filsafat Cina miboga sajarah anu panjang. Asalna mimiti ti awal masa sarebu taun SM. Awal abad ka-8 –abad ka-5 SM, Filsafat Cina boga ajaran ngeunaan “sumber-sumber utama” lima anasir alam: cai, seuneu, kai, logam, jeung bumi. Filsuf Cina Kuno ngajarkeun yen gabungan tina lima unsur tadi nyiptakeun mangpirang-pirang karagaman fenomena jeung hal-hal. Dina waktu nu sarua muncul anggapan ayana kakuatan *yang* (aktif) jeung *yin* (pasif).

Filsafat Cina terus mekar. Aliranana saperti Taoisme, Confucianisme, jeung Budhisme.

## 3) Filsafat India

Filsafat India ngadeg dumasar kana salahsahiji peradaban anu pangheulana di dunya. Tradisi-tradisina anu lahir ti abad 15—10 SM nepi ka kiwari masih tetep dipertahankeun.

Filsafat India umumna dibagi kana opat periode

- (1) Periode Veda
- (2) Periode Klasik atawa Periode Budha-Brahman (abad 6 SM\_\_abad 10 M)
- (3) Periode Post-Klasik (abad 10—18)
- (4) Filsafat India Anyar tur Modern

## 4) Filsafat Jepang

Ajaran filosofi di Jepang mimitina muncul ti era feodalisme. Filsafat Jepang mekar pangaruh tina filsafat alam Cina kuno. Lain ti eta, Filsafat Jepang dipangaruhan ku ayana ajaran etis-politis Confucianisme, Budhisme jeung neo-Confucianisme. Tokoh filsafat idealisme neo-Confucian di Jepang nya eta

Fujiwara Seika (1561—1619) jeung Hayashi Razan (1583—1657). Ngaran sakolana *Shushigakuba* anu nyebarkeun ajaran filsuf Cina Chu Hsi.

## 5) Filsafat Jerman Klasik

Filsafat Jerman Klasik mangrupa tahap mekarna filsafat ajaran Kant, Fichte, Schelling, Hegel, jeung Feuerbach. Filsafat Jerman Klasik muncul abad ka-18.

Aya nu nyebutkeun yen munculna filsafat Jerman Klasik teh pangaruh tina revolusi Inggris jeung Prancis. Sawatara aliran filsafat Jerman Klasik nya eta dualisme (Kant), idealisme subjektif (Fichte), idealisme objektif (Schelling, Hegel) jeung materialisme (Feuerbach).

Pamadegan sejen ngabagi filsafat jadi 3 widang, (1) filsafat sistematis, (2) filsafat husus, jeung (3) filsafat ilmu pengetahuan. Wincikanana saperti kieu.

### **1. Filsafat Sistematis**

Metafisika

Epistemologi

Metodologi

Logika

Etika

Estetika

**2. Filsafat Husus**

- 2.1 Filsafat seni
- 2.2 Filsafat kebudayaan
- 2.3 Filsafat pendidikan
- 2.4 Filsafat sajarah
- 2.5 Filsafat basa
- 2.6 Filsafat hukum
- 2.7 Filsafat budi
- 2.8 Filsafat politik
- 2.9 Filsafat agama
- 2.10 Filsafat kahirupan sosial
- 2..11 Filsafat nilai

**3. Filsafat Ilmu Pengetahuan**

- 3.1 Filsafat matematik
- 3.2 Filsafat ilmu-ilmu fisik
- 3.3 Filsafat biologi
- 3.4 Filsafat linguistik
- 3.5 Filsafat psikologi
- 3.6 Filsafat ilmu-ilmu sosial

## II. FILSAFAT ELMU DINA PERSFEKTIF AL-QUR'AN

Filsafat elmu mangrupa filsafat anu pangmekarna. Filsafat elmu dibagi jadi filsafat elmu-elmuna alam jeung filsafat elmu-elmuna sosial. Filsafat elmu-elmuna alam mangrupa bagian tina filsafat anu obyekna alam kahirupan jeung alam lain kahirupan. Filsafat elmu-elmuna sosial mangrupa cabang filsafat anu nalungtik elmu-elmuna soaial, saperti sajarah, agama, hukum, jeung pendidikan. Tina kituna, filsafat elmu-elmuna sosial dibagi deui jadi (1) Filsafat Sejarah, (2) Filsafat Agama, (3) Filsafat Hukum, jeung (4) Filsafat Pendidikan.

Tahap-tahap kamekaran filsafat elmu di Barat bisa katingali saperti kieu.

1. Era Prapositivisme sejak Aristoteles (384 SM—322SM) sampai David Heeme (1711-1776) . Era prapositivisme mangrupa mangsa panglilana dina sajarah filsafat elmu—leuwih ti 2000 tahun. Nurutkeun Aristoteles, manusa teh 'pengamat pasip'. Logika mangrupa alat pikeun neangan bebeneran.
2. Era Positivisme (mimiti awal abad XIX), cirina nya eta ayana evolusi positif kana elmu jeung metode ilmiah. Dasarna nya eta mekanika Newtonian.
3. Era Pascapositivisme, mangrupa reaksi kana kawatesanana positivisme. Hiji teori ilmiah teu salilana bener sacara definitive.
4. Fenomenologi (1859—1938), mimitina Edmund Husser ngaku ayana bebeneran di luar indra; ngaku bebeneran indrawi di luar rasio.

Ari tahap-tahap kamekaran elmu nurutkeun panalungtikan Henry Margenau jeung David Bergamini saperti kieu.

### 1. Taun 2000 SM –300M

Elmu-elmuna anu kapanggih nyaeta:

- a. Matematika: Elmu ngitung, Geometri, Logika
- b. Astronomi: Kosmologi, Astronomi Posisional
- c. Geologi: Eksplorasi
- d. Biologi: Elmu obat-obatan

e. Sosial: Filsafat, Sejarah, pamarentahan

## 2. Taun 300—1400M

Elmu-elmuanu kapanggih nyaeta:

- a. Matematika: Teori Bilangan, Aljabar, Geometri Analitik, Trigonometri
- b. Fisika: Mekanika, Optik
- c. Kimia: Alkimia
- d. Astronomi: Mekanika benda langit
- e. Geologi: Geodesi, Mineralogi, Meteorologi
- f. Biologi: Phisiologi, Anatomi, Botani&Zoologi, Embriologi, Pathologi
- g. Sosial: Politik

## 3. Taun 1400—1600M

Elmu anu kapanggih nyaeta:

Astronomi: Astronomi

## 4. Abad ka-17

Elmu-elmuanu kapanggih nyaeta:

- a. Fisika: Termodinamika, Keelektrikan&Kemagnetan
- b. Kimia: Kimia Anorganik, Kimia Kedokteran
- c. Biologi: Mikrobiologi

## 5. Abad ka-18

Elmu-elmuanu kapanggih nyaeta:

- a. Matematika: Probabilitas & Statistika, Persamaan Deferensial, Kalkulus, Geometri Analitis, Topologi
- b. Kimia: Kimia Analitis
- c. Biologi: Taksonomi
- d. Sosial: Ekonomi

## 6. Abad ka-19

Elmu-ilmu anu kapanggih nyaeta:

- a. Fisika: Kristalografi
- b. Kimia: Farmakologi, Biokimia, Kimia Organik
- c. Geologi: Geofisika, Stratigrafi, Sejarah Geologi, Paleontologi, Mineralogi, Petrologi, geomorfologi, Geografi Fisika/Fisis
- d. Biologi: Biofisika, Anatomi Perbandingan, Citologi, Histologi, Biokimia, Ekologi.
- e. Sosial: Arkeologi, Sosiologi, Antropologi Fisik

## 7. Abad ka-20

Elmu-ilmu anu kapanggih nyaeta:

- a. Matematika: teori Informasi, Teori Fungsi, Geometri Noneuclid, Logika Matematika
- b. Fisika: Cryogenik, Mekanika Statistika, Mekanika Kwantum, Fisika Partikel, Fisika Nuklir, Fisika Plasma, Fisika Atom, Fisika Molekul, Fisika Zat Padat, Fisika Relatifitas
- c. Kimia: Kimia Kwantum, Kimia Fisika, Kimia NUKlir, Kimia Polimer
- d. Astronomi: Astroautika, radio Astronomi, Astrofisika
- e. Geologi: Struktur Geologi, Geokimia, Hidrologi, Oceanografi
- f. Biologi: Radiobiologi, Biologi Molekul, Genetika
- g. Sosial: Antropologi Budaya, Psikologi

Awal ilmu pangaweruh tina diciptakeunana alam semesta (QS al-Anbiya:30). Ti dinya manusa dititah maca tur nyiar ilmu (QS al-Alaq: 1-5), do'ana (QS Thaha:114). Hakekat ilmu pangaweruh lain ngan neangan bebeneran ilmiah, tapi pikeun meunangkeun pituduh (*hudan*), tanda-tanda (*ayat*), kabijaksanaan (*hikmah*), jeung rahmat (*rahmah*).

Al-Quran mangrupa wahana konsultatif pikeun mekarna ilmu pangaweruh. Al-Quran patalina jeung kamekaran ilmu pangaweruh mibanda tilu hal.



1. **Tujuan**, aqidah, kepercayaan, budi pekerti, hukum-hukum anu ngatur hubungan manusa jeung Allah, jeung sasama manusa, oge jeung alam sabudeureunana.
2. **Cara**, nitah manusa supaya merhatikeun alam, merhatikeun sajarah pikeun pelajaran, merhatikeun jangji jeung ancaman, boh di dunya boh di aherat nyaeta ku surga jeung naraka.
3. **Pembuktian**, pikeun ngabuktikeun hal-hal anu ditepikeun dina al-Quran katut mujizatna, nya eta ku ayana bukti (1) susunan redaksi al-Quran, (2) sawatara disiplin ilmu pangaweruh anu diisaratkeun dina al-Quran, jeung (3) ramalan-ramalan anu diebrehkeun dina al-Quran.

### III. FILSAFAT PENDIDIKAN PERSPEKTIF AL-GHAZALI

Al-Ghazali teh ahli piker muslim dina abad ka-5. Dina masalah atikan Anjeunna boga pamadegan yen tujuan atikan teh taya lian pikeun ngadeukeutkeun diri ka Allah SWT. Tina ha lieu pisan bakal kahontalna kasejahteraan, boh di dunya boh di aherat. Ku ilmu pisan manusa bisa jadi sampurna jeung ngan ku ilmu manusa bisa wanoh ka nu nyiptakeunana.

Papasingan ilmu nurutkeun Al-Ghazali.

1. Ilmu anu 'Tercela', ilmu anu euweuh mangfaatna pikeun manusa, boh di dunya boh di aherat.
2. Ilmu anu 'Terpuji', lamun diulik bakal mawa jalma kana jiwa anu suci sarta bisa ngadeukeutkeun diri ka Allah SWT.
3. Ilmu anu 'Terpuji dina tahap nu tangtu', ilmu anu teu kudu diulik, sabab bisa mawa kagoncangan iman.

Tina tilu kelompok tadi, Al-Ghazali ngabagi jadi dua kelompok ditingali tina kapentinganana.

1. Ilmu anu fardu, ilmu anu wajib dipikanyaho ku muslim, nya eta ilmu agama anu sumberna tina kitab suci Allah.
2. Ilmu anu fardu kifayah, wajib dipikanyaho ku sabagian muslim. Ilmu anu dimasngfaatkeun pikeun ngagampangkeun urusan hirup duniawi, uapama ilmu matematika, ilmu kedokteran, ilmu teknik, ilmu pertanian, jstc.

Nurutkeun Al-Ghazali, ngajar kaasup karya anu pangmulyana jeung pangutamana dipigawe ku sakabeh manusa. Dina ngajarkeun ilmu pangaweruh ka siswa, Al-Ghazali museurkeun kana naon-naon anu aya dina Al-Quran, sabab ilmu anu diajarkeun dina al-Quran bisa jadi mangfaat pikeun kahirupan manusa, boh di dunya boh di aherat; bisa nguatkeun jiwa jeung ngaendahkeun ahlak sarta ngadeukeutkeun ka Allah SWT.

Ari ilmu basa jeung gramatika ngan pikeun ngulik ilmu agama atawa bisa mangfaat dina kaayaan darurat wungkul. Sedengkeun ilmu kadokteran, ilmu matematika, jeung teknologi ngan boga mangfaat pikeun manusa ditingali tina segi kabudayaan; pikeun karesep dina neangan ilmu jeung kalengkepan dina hirup kumbuh di masarakat.

Al-Ghazali ngasongkeun sawatara ilmu pangaweruh anu kudu diulik di sakola.

1. Ilmu Al-Quran jeung Ilmu Agama, saperti Fiqih, Hadits, jeung Tafsir.
2. Sakumpulan ilmu basa, saperti Nahwu, Makhraj, jeung Lafad-lafadna, ku sabab ilmu ieu boga fungsi pikeun ngabantu dina ngulik ilmu Al-Quran jeung Ilmu Agama.
3. Ilmu-ilmu anu fardu kifayah, nya eta ilmu kadokteran, matematika, teknologi, jste.
4. Ilmu kabudayaan, saperti syair, sajarah, jste.

Rupaning ilmu bieu teh kudu dijadikeun substansi kurikulum lembaga-lembaga pendidikan Islam, sanajan wangunna kudu diayakeun modifikasi, formulasi, atawa penyempurnaan luyu jeung tuntutan masarakat.

#### IV. FILSAFAT ISLAM

Sawatara ahli filsafat Barat (Bernard Shaw dan Arnold Toynbee) boga pamadegan yen peradaban Barat bakal ancur; euweuh harepan pikeun nulungan dunya deui. Peradaban Eropa bakal ngancurkeun Eropana sorangan. Ngan Islam hijina-hijina anu bakal nulungan dunya anu kiwari masih kumelendang dumasar kana rarancang tur pangersa Allah SWT.

'Perkembangan pikiran' di zaman kuno dingaranan filsafat--lain agama--, sabab nu mawana ngan filosof. Filsafat ngan boga kakuatan pikeun nafsirkeun *naon ari alam teh, naon tujuanana, jeung kumaha ahirna?*

Filsafat ngan bisa ngajawab masalah kadunyaan. Padahal manusa merlukeun katengtreman batin. Tina kituna, Allah SWT nurunkeun agama. Agama naon anu diturunkeun ku Allah SWT? Al-Islam. "Sing saha anu neangan agama salian ti Islam, maka moal pernah ditarima dirina jeung manehna dina poe aherat kaasup jalma anu rugi (QS Ali Imran: 85). "Saestuna agama anu dipikarido ku Allah SWT nya eta Al-Islam" (QS Ali Imran:19).

Islam ngatur urusan dunya jeung aherat. Islam ilubiung dina ngatur urusan dunya jeung aherat. Nurutkeun Islam, dunya teu bisa dipisahkeun jeung aherat; lir sirah jeung awak urang.

Kumaha atuh filsafat Islam teh? Kumaha karakteristik pemikiranana? Naon dasarna? Naon kaunggulanana? Tranformasi naon wae anu dihasilkeunana?

Pedaran satuluyna baris ngajawab patalekan-patalekan bieu.

##### 1. Naon ari pemikiran Islam?

Pemikiran Islam nya eta upaya ngajen fakta ku sudut pandang Islam.

##### 2. Naon asas-asas pemikiran Islma teh?

Asas-asas pemikiran Islam nya eta akal jeung syariat anu sumberna tina wahyu Allah SWT (Al-Quran dan As-Sunnah).

##### 3. Kumaha karakteristik pemikiran Islam teh?

Pemikiran Islam boga ciri has, nya eta komprehensif, jembar, praktis, tur manusiawi.

4. Naon bae kaunggulan pemikiran Islam teh?

Aya sababaraha kaunggulan pamikiran Islam dibandingkeun jeung pamikiran samemehna.

- 1) Agama samemehna ngan pikeun kelompok manusa jeung pikeun jaman nu tangtu, sedengkeun Al-Islam rahmatan lil'aalamin nepi ka ahir zaman.
- 2) Risalah-risalah Rosul samemehna ngan ngungkulan sawatara masalah kahirupan nu tangtu, sedengkeun Al-Islam hadir pikeun ngungkulan sakumna masalah kahirupan manusa.
- 3) Mukjizat para rosul samemehna sifatna temporal, eureun, tur musnah, sedengkeun mukjizat Rosululloh sifatna abadi nepi ka poe kiamat (saperti Al-Quran, sholat).

5. *Transformasi naon wae anu dihasilkeun ku Al-Islam?*

Sawatara transformasi anu dihasilkeun ku Al-Islam.

- 1) Pemikiran Islam geus ngarobah manusa tina nyembah ka lian ti Allah—patung, seuneu, dewa, jate—jadi nyembah ngan ka Allah SWT.
- 2) Pamikiran Islam geus ngarobah pandangan manusa kana kahirupan, tina cara pandang anu deet kana cara pandang anu jero tur beresih-- nu mangrupa eunteung tina akidah Islam.
- 3) Pamikiran Islam geus ngarobah cara pandang manusa anu tadina saperti sifatna dumasar kana kapentingan kelompok, seler bangsa, patriotisme—anu boga sifat temporal jeung hengker-- jadi dumasar kana hiji aqidah anu sifatna langgeng tur kokoh.
- 4) Pamikiran Islam geus ngarobah tolok ukur aktivitas kahirupan manusa tina mangfaat-egoisme kana tolok ukur halal-haram. Lamun halal, dipigawe; tapi lamun haram, disingkahan.
- 5) Pamikiran Islam geus ngarobah asa hubungan kanagaraan. Samemehna, hubungan kanagaraan diwangun dumasar kana kepentingan-kepentingan materi, kasarakahan, jeung kamewahan jadi kana tegakna asas pemikiran Islam pikeun sakumna umat manusa.

- 6) Pemikiran geus ngarobah persepsi ngeunaan kabagjaan. Samemehna, kabagjaan ditingali tina kacumponana napsu sahwat jeung sagala kabagjaan dunya. Sanggeus hadir Al-Islam, persepsi kabagjaan robah jadi kana neangan rido Allah. Ahirna, manusa teu sieun maot sarta miharep syahid di jalan Allah, sabab manusa sadar yen dunya ieu teh ngan saukur jalan pikeun ka aherat.

## **PUSTAKA**

Abdullah, M.H. 2006. *Studi Dasar-dasar Pemikiran Islam*. Bogor: Pustaka Thariqul Izzah.

Bagus. 1996. *Kamus Filsafat*. Jakarta :PT Gramedia.

Rusn, A.I. 1998. *Pemikiran Al-Ghazali tentang Pendidikan*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Syafi'ie, Imam. 2000. *Konsep Ilmu Pengetahuan*. Yogyakarta: UII Press.